

**Ki jan pou evite tonbe nan men moun k pap trafike moun.**

- Fè atansyon lè yo ofri w djòb k ap peye w gwo lajan ki pa mande w twòp kalifiksyon.
- Fè atansyon ak moun k ap ofri pou prete w oubyen k ap pran kòb nan men w pou yo ba ou djòb, fè w vwayaje, loje w, oswa pou fè w fè etid.
- Evite pataje enfòmasyon pèsonèl avèk bès ou pa konnen.
- Travayè dwe fè yon jan pou yo gen papye legal

**An nou travay pou nou evite yo trafike moun pou travay**

**kontakte youn nan ajans sa yo touswit pou rapòte zak trafike moun pou travay:**

The Ministry of National Security  
1-242-326-0133  
1-242-376-8477 (TIPS)  
The Royal Bahamas Police Force 919/911  
The National Hotline 1-242-322-2763  
Crisis Centre Hotline 1-242-328-0922  
Crime Stoppers Bahamas: 328-8477(TIPS)  
Family Island 1-242-300-8477



The Ministry of National Security  
Trafficking In Persons Inter-Ministry Committee  
New Providence, The Bahamas  
Telephone: 1-242-502-3300  
Email: [nationalsecurity@bahamas.gov.bs](mailto:nationalsecurity@bahamas.gov.bs)  
Website: [www.bahamas.gov.bs/nationalsecurity](http://www.bahamas.gov.bs/nationalsecurity)  
Facebook: Bahamas National Trafficking In Persons Task Force



## **Pwoblèm Trafike Moun pou Travay**



### **Ki sa Bizinis Trafike moun vle di?**

Biznis trafik moun vle di pran moun pou travay, transpòte moun, transfere moun ak loje moun sou menas oubyen pa fòs, kibnaping, fwod, twonpe moun, epi abi pouvwva yon jan pou ekspwate moun.

Gen plizyè jan yo ka ekspwate moun, tankou travay fòse ak fè moun nan travay kòm objè seksyèl pou fè pwositisyon.

Zak trafik moun se yon krim ki afekte ni gason, ni fanm, ni timoun.

### **Ki sa trafik moun pou travay ye?**

Trafik moun pou travay se yon fòm trafik moun ki ka fèt nan fè moun travay san kòb sou kontra, travay fòse, travay nan faktori, epi fòse timoun travay san yo pa vle. Travay gratis sou kontra se yon fòm opresyon kote viktim nan anre nan yon det ilegal sou fòm travay. Trafikan k ap trafik moun pou travay itilize vyolans mansonj epi lòt fòm opresyon oubyen fòse moun nan travay kont volonte l. Yo konsidere zafè trafik moun pou travay kòm yon mod esklavaj modèn.

### **Ki kote yo trafik moun pou travay?**

Zafè trafik moun pou travay rive ni siti ni nan lòt peyi le moun ap chache yon jan pou yo pwoteje tèt yo epi jwenn lavi pou yo menm ak fanmi yo.

Zafè trafik moun pou travay rive nan yon seri milye travay tankou faktori, agrikilti, konstriksyon oubyen travay domestik.

**Men Kèk nan tip travay kote yo trafik moun pou al fè yo travay pa fòs:**

- Travay domestik nan kay prive
- Travay nan jaden
- Travay nan konstriksyon ak faktori

### **Ki sa ki koze zafè trafik moun pou travay**

Kèk nan pi gwo rezon ki koze yo trafik moun pou travay se: povrete, konfli, inegalite, pèsekisyon, chomaj, epi difikilite pou al lekòl.

Anpil moun oblije kite peyi pa yo pou yo al chache travay lòt kote.

Trafikan moun yo itilize mansonj ak magouy pou yo pran avantaj sou moun sa yo nan ofri yo travay ki pa egziste vre. Yo itilize yon seri mwayen tankou entimidasyon ak fwod pou fòse yo fè djòb ki degradan e yo konn fòse yo anre nan kontak seksyèl tou.

### **Ki jan pou konnen yon moun ki victim nan trafik pou travay?**

Moun nan ka moutre siy sa yo:

- Yo pa peye moun nan oubyen yo peye l yon ti kras kòb.
- Moun nan pa gen kontwòl sou pwòp kòb li.
- Yo pa pèmèt li pale pou kont li oubyen pale ak lòt moun an prive.
- Yo fè moun nan travay anpil san rete epi nan yon jan moun nan pa abitye travay.
- Yo pa pèmèt moun nan pran poz nan travay la.
- Se yon moun yo tè pran pou travay sou mansonj ak fo pwomès konsènan kondisyon travay la.
- Gen gwo sekirite kote moun nan ap travay la oubyen kote l ap viv la.
- Yo kenbe paspò moun nan oubyen pèmi travay li.
- Moun nan ka ap travay nan faktori oubyen nan konstriksyon nan yon seri kondisyon inimen.
- Se yon moun yo fòse fè travay domestik